



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Stanley Switlik Elementary School

Linda Diaz

3400 Overseas Hwy, Marathon FL 33050

Mwen menm, Linda Diaz, nan dokiman sa a, mwen sètifye tout enfòmasyon, tablo ak deklarasyon ki nan aplikasyon sa a se laverite, yo kòrèk, epi yo respekte deklarasyon asirans pou renonsyasyon sa yo. Epitou, nou ap respekte tout lwa, règleman ak pwosedi ki aplikab; egzijans administratif pwogramatik; ansanm ak pwosedi pou kontwòl fiskal epi pou kenbe dosye, yon fason pou garanti bonjan responsabilite depans ki fèt nan kad pwojè sa a. Nou ap mete tout dosye ki nesèsè pou jistifye egzijans sa yo disponib pou manm pèsònèl apwopriye nan Eta a ak gouvènman federal la, egzamine. Mete sou sa, mwen sètifye tout depans yo ap fèt apati dat antre an vigè oswa apre antre an vigè pwojè a epi anvan dat pou pwojè a fini. Nou ap rapòte dekèsman yo sèlman nan mezi kote yo apwopriye pou pwojè sa a, epi nou p ap itilize yo pou fon ki koresponn nan pwojè sa a oswa nenpòt pwojè espesyal, lè sa entèdi.

Asirans:

- Nou ap dirije lekòl la sou baz definisyon legal "angajman paran ak fanmi yo", jan sa defini nan Seksyon 8101 ESSA a, epi nou atann pou lekòl la mete sou pye yon seri pwogram, aktivite, ak pwosedi ki an akò ak definisyon sa a.
- Lekòl la ap fè aksyon sansibilizasyon pou tout paran ak manm fanmi yo, epi li ap mete sou pye yon seri pwogram, aktivite, ak pwosedi nan objektif pou enplike paran ak manm fanmi yo nan tout pwogram Tit I, Pati A li yo an amoni ak Seksyon 1116 Lwa pou Reyisit Tout Elèv la (Every Student Succeeds Act, ESSA). Nou dwe byen pale ak paran timoun ki ap patisipe yo pou planifye pwogram, aktivite, epi pwosedi sa yo epi pou mete yo sou pye. [Seksyon 1118(a) ESSA].
- Lekòl la ap travay pou asire li yo devlope politik sou kesyon angajman paran ak fanmi yo ki obligatwa nan lekòl la sou baz sou-seksyon (b) a, chak lekòl nou sèvi nan kad pati sa a ap devlope yon Kontra Kay-Lekòl ki konsantre sou fason paran yo, tout manm pèsònèl la, ak elèv yo ap pataje responsabilite sou amelyorasyon rezilta eskolè elèv yo ak mwayen pou lekòl la ak paran yo etabli epi devlope yon patenarya pou ede timoun yo rive atenn estanda Eta a ki wo. [Seksyon 1116(d) ESSA]
- Pou respekte egzijans angajman paran ak fanmi Tit I, Pati A a nan mezi sa posib, lekòl la ap ofri tout posibilite yon fason pou paran ki pa fin konprann Anglè yo, paran ki gen andikap yo, ak paran timoun ki migran yo kapab patisipe, epitou, li ap bay enfòmasyon ak rapò eskolè ki obligatwa yo nan yon fòm paran yo kapab konprann epi ki nan yon sèl fòm, san wete lòt fòm si yo mande sa, epi nan mezi sa posib, li ap bay yo nan yon lang paran yo kapab konprann. [Seksyon 1116(e)(f) ESSA]
- Lekòl la ap enplike paran ak manm fanmi timoun ki ap resevwa sèvis nan kad pati sa a, nan desizyon ki gen rapò ak fason yo itilize fon ki rezève yo pou aktivite patisipasyon paran yo. [Seksyon 1116(3) ESSA]
- Lekòl la ap itilize fon ki rezève nan kad pati sa a pou fè yon seri aktivite epi tabli yon seri estrateji ki koresponn ak politik angajman paran ak fanmi yo jan sa parèt nan Seksyon 1116(3) ESSA a.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Deklarasyon konsènan Misyon sou Angajman Paran ak Fanmi

Nan ki sans plan angajman paran ak fanmi yo se yon responsabilite ki pataje?

Ki fason plan sa a kontribiye nan bay tout moun ki ap aprann yo yon ansèyman gwo kalite?

Konsèy Administrasyon Lekòl Monroe County te devlope yon deklarasyon misyon ki endike lekòl yo fè tout efò posib pou yo travay ansanm pou yo enspire epi pote ekselans pou chak elèv chak jou. Objektif Plan Angajman Paran ak Fanmi (Parent and Family Engagement Plan, PFEP) lan se kreye yon modèl kolaborasyon. Timoun yo aprann pi byen lè paran yo, pwofesè yo, ak lekòl yo travay ansanm. Paran k ap pale ak pitit yo sou lekòl la, sa yo atann, ak planifikasyon alavni ede garanti aktivite lekòl yo pozitif epi yo konsantre sou yon rezilta yo vle atenn. Elèv ki gen paran ki enplike yo, kèlkeswa revni, kote yo soti, oswa lang yo pale, gen plis chans pou yo pi byen reyisi nan lekòl, pou yo rete lekòl, epi pou yo vin sitwayen ki itil nan kominote yo.

Patisipasyon Paran ak Fanmi yo

Lekòl la ap enplike paran yo nan planifikasyon, egzamen ak amelyorasyon pwogram Tit I yo, san wete patisipasyon paran yo, epi nan pwosesis desizyon sou fason yo pral itilize fon angajman paran yo:

Lekòl la ap enplike paran yo nan planifikasyon, evalyasyon ak amelyorasyon pwogram Tit I yo, san wete patisipasyon paran yo, epi nan pwosesis desizyon sou fason yo pral itilize fon angajman paran yo nan:

Reyinyon Konsèy Konsiltatif Lekòl (School Advisory Council, SAC) yo – yo envite paran yo atravè pano liminez, medya sosyal, ak feyè. Yo pibliye ajanda a ak pwosè-vèbal reyinyon yo sou paj entènèt lekòl la. Pwofesè yo itilize Dojo epi yo kominike souvan ak paran yo.

Aktivite fanmi yo fèt chak mwa epi yo gen ladan sware Paran Pwofesè Timoun (Parent Teacher Kid, PTK), ekspozisyon nivo klas yo, pwogram elèv yo, seremoni rekonesans, evènman jou ferye, elatriye. Yo mezire siksè selon nivo patisipasyon ak opinyon yo bay atravè kanal kominikasyon ki endike pi wo yo.

Kòmantè ak opinyon paran yo gen ladan Sondaj Tit I an, Reyinyon Konsèy Konsiltatif Lekòl yo ak pwosè-vèbal yo, Evènman Lekòl yo, Òganizasyon Paran ak Pwofesè (Parent-Teacher Organization, PTO) aktivite Òganizasyon Paran ak Pwofesè, Reyinyon Paran, ak sondaj anplis pou desizyon kominotè ki pa prevwa yo.

Konsèy Konsiltatif Lekòl la gen yon paj entènèt kote yo afiche ajanda Reyinyon Konsèy Konsiltatif Lekòl yo ak pwosè-vèbal yo.

Paj entènèt Tit I lekòl la gen ladan resous pou paran yo, sondaj, enfòmasyon ki gen anpil valè, bwochi, akò, Dwa Paran yo pou yo Konnen, ak plis ankò.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Kowòdinasyon ak Entegrasyon

Lekòl la ap kowòdone epi entegre pwogram ak aktivite Angajman Paran ak Fanmi yo an fonksyon lòt Pwogram Federal yo, nan mezi kote sa posib epi apwopriye, nan objektif pou anseye paran yo sou fason pou yo ede pitit yo nan kad fanmiyal la:

| | Pwogram | Kowòdinasyon |
|---|--|--|
| 1 | Sware Paran ELL yo | Yo òganize yon sware pou Paran Elèv lekòl mwayen Keys k Ap Aprann Anglè (English Learners, EL) yo. Se yon kolaborasyon ant Marathon High School, Stanley Switlik Elementary, ak Big Pine Charter. EL kowòdone ak resous Tit I yo. |
| 2 | Edikasyon pou Timoun Piti ak VPK pou fanmi | Aktivite matènèl yo fèt nan sezon prentan an. Tit I ak lekòl la kowòdone avèk pwogram prematènèl lokal yo ak pwogram prematènèl volontè (Voluntary Pre-kindergarten, VPK)/Head Start ki nan lekòl la pou bay materyèl ak enfòmasyon pou timoun k ap antre nan klas matènèl yo. |
| 3 | McKinney-Vento/CHIPS | Tit I: Leson patikilye apre lekòl vize elèv yo dapre bezwen akademik yo. Lè CHIPS idantifye yon elèv kòm yon kandida, yo mete elèv la ladan. Epitou kolaborasyon an gen ladan rad, founiti, ak bezwen jou ferye. |

Reyinyon Anyèl Paran (Sware Tit I)

Lekòl la ap òganize yon reyinyon chak ane nan objektif pou enfòmasyon paran elèv ki ap patisipe yo konsènan pwogram Tit I lekòl la, objektif pwogram Tit I an (èd nan nivo lekòl la oswa èd ki sible), epi li ap enfòmasyon yo sou dwa paran yo genyen pa mwayen aktivite ki vin apre yo:

| | Pwogram | Moun ki Responsab la | Delè | Prèy Efikasite |
|---|---|--|---|---|
| 1 | Lekòl la ap òganize Reyinyon Anyèl Paran an pandan de (2) premye mwa lekòl la, epi li ap enfòmasyon paran yo pa mwayen medya sosyal yo, feyè yo voye bay paran yo, ak feyè nan plizyè lang. | Tanya Sly (Kontak Tit I) Kerri Worthington (Envansyonis) | Dat limit lan se 10 oktòb. Pito an out rive septanm 2023 | Fèy pou Enskripsyon, Prezantasyon PowerPoint ki soti nan PFEC, Lis Verifikasyon Sware Tit I an, Feyè Sware Tit I an. |
| 2 | Devlopman yon ajanndan pou Reyinyon Anyèl Paran yo. | Tanya Sly (Kontak Tit I) | Out – Septanm 2023 | Ajannda Konplè. |
| 3 | Devlope/planifye materyèl (prezantasyon, dokiman lekòl/distri) pou Reyinyon Paran Chak Ane. | Tanya Sly (Kontak Tit I) | Out – Septanm 2023 | Kopi prezantasyon ki soti nan Distri PFEC, lis verifikasyon planifikasyon Sware Tit I an. |
| 4 | Fè piblisite epi fè paran yo konnen atravè komunikasyon lekòl la yo, materyèl yo voye lakay ak rezo sosyal ki apwouve yo. | Tanya Sly (Kontak Tit I) Kerri Worthington (Envansyonis) | Out – Septanm 2023 | Facebook, Dojo, Feyè nan Plizyè Lang |



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Reyinyon Paran ki Fleksib

Ki fason lekòl la ofri paran ak fanmi yo posibilite ki fleksib pou yo patisipe nan aktivite ak reyinyon ki òganize epi ki pèmanan yo?

Lekòl la pral ofri reyinyon PTK chak mwa nan aswè pou sipòte inisyativ alfabetizasyon lakay yo. Reyinyon paran/pwofesè yo, reyinyon MTSS, ak reyinyon IEP yo pral fèt nan lè fleksib tankou anvan lekòl, apre lekòl, ak pandan tout jounen lekòl la. Reyinyon sou èntènèt yo ap disponib pou paran ki pa ka patisipe an pèsòn. Pral genyen entèprèt k ap disponib lè sa a nesèsè pou ede paran ki pale espanyòl yo.

Ranfòse Kapasite – Aktivite/Atelye Travay Paran ak Fanmi

Lekòl la ap mete aktivite ki vin apre yo sou pye yon fason pou ranfòse kapasite angajman paran ak fanmi yo, epi pou soutni yon patenarya ki etabli ant lekòl la, fanmi yo ak kominote a. Aktivite sa yo ap ede elèv yo reyisi epi atenn rezilta akademik yo.

| | Kontni ak Kalite Aktivite | Moun ki Responsab la | Enpak yo Prevwa sou Rezilta Elèv la | Delè | Prèv Efikasite |
|---|---------------------------------------|------------------------------------|--|---------------------------------------|--|
| 1 | Reyinyon Anyèl pou Tit 1 | Tanya Sly (Kontak Tit I) | Konnen kote pou Jwenn Resous | Out/septanm/ kòmansman mwa oktòb 2023 | Ajannda, Prezantasyon Sware Tit I an, fèy anrejistreman, ak rezilta sondaj yo |
| 2 | Aktivite Òganizasyon Paran ak Pwofesè | Òganizasyon Paran ak Pwofesè | Angajman ki Ogmante | Pandan tout Ane a | Paran ki pi angaje yo, fèy pou enskripsyon, ajannda pou reyinyon yo |
| 3 | Ansèyman Avid | Administrasyon/ Estaf | Fòmasyon sou estrateji pou paran yo ak aplikasyon estrateji yo; ogmante endepandans ak fòs rezistans pou tout elèv yo pou amelyore siksè elèv yo an jeneral. | Pandan tout Ane a | Analiz done obsèvasyon pwogrè atravè metòd estanda ak metòd ki pa estanda pandan ane lekòl la. |
| 4 | Sware Paran, Pwofesè, ak Timoun | Kontak Tit 1 Manm BLPT/ Pwofesè yo | Bay fanmi yo konsepsyon, resous ak estrateji pou ogmante siksè akademik yo. | Chak Trimès | Medya sosyal/feyè, fèy enskripsyon, ajannda, pwodwi travay elèv yo, analiz done obsèvasyon pwogrè atravè metòd estanda ak metòd ki pa estanda. |



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

| | | | | | |
|---|--------------------------------|---|---|---------------------------|--|
| 5 | Sware Pwogram Etid | Kontak Tit 1 Manm BLPT/ Pwofesè yo | Devlopman pwojè elèv yo, ogmante sansibilizasyon paran yo ak koneksyon ant lekòl ak lakay | Pandan tout Ane a | Medya sosyal/feyè, fèy enskripsyon, ajannda, pwodwi travay elèv yo, analiz done obsèvasyon pwogrè atravè metòd estanda ak metòd ki pa estanda. |
| 6 | Ekspozisyon STEM | Kontak Tit 1 Manm BLPT/ Pwofesè yo | Devlopman pwojè elèv yo, ogmante sansibilizasyon paran yo ak koneksyon ant lekòl ak lakay | 25 Janvyè 2024 | Medya sosyal/feyè, fèy enskripsyon, ajannda, pwodwi travay elèv yo, analiz done obsèvasyon pwogrè atravè metòd estanda ak metòd ki pa estanda pou montre pwogrè aprantisaj yo ogmante. |
| 7 | Ekspozisyon selon nivo klas yo | Kontak Tit 1 Manm BLPT/ Pwofesè yo | Ekspozisyon pwojè elèv yo pou angaje paran yo ak elèv yo pandan y ap fè koneksyon ant lakay yo ak lekòl la. | Oktòb, novanm, mas, avril | Medya sosyal/feyè, fèy enskripsyon, ajannda, pwodwi travay elèv yo, analiz done obsèvasyon pwogrè atravè metòd estanda ak metòd ki pa estanda pou montre pwogrè aprantisaj yo ogmante. |
| 8 | Sware EL | Kontak Tit 1 Administrasyon/ Pwofesè yo | Bay sipò ak fòmasyon kolaboratif pou paran pou fanmi EL nou yo. | Fevriye | Medya sosyal/feyè, fèy enskripsyon, ajannda ki konplete, foto. |



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Fòmasyon pou Manm Pèsonèl

Lekòl la ap pwopoze aktivite devlopman pwofesyonèl ki vin apre yo pou anseye epi soutni pwofesè ak manm pèsonèl lekòl la sou fason pou atenn paran ak fanmi yo, pou kominike avèk yo, epi pou travay avèk yo antanke patnè egal.

| Kontni ak Kalite Aktivite | Moun ki Responsab la | Enpak yo Prevwa sou Rezilta Elèv la | Delè | Prèy Efikasite |
|---|--|---|-------------------------------|---|
| Fòmasyon PFE 1: Kontak Pèmanan: Estrateji pou Koneksyon | Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a | Pi bon pratik ak resous anplis pou kominike avèk paran yo epi enplike yo pandan Ane Eskolè a. Sa pèmèt vin gen relasyon ki pi solid ant paran yo ak pwofesè yo, paran ki plis enplike ansanm ak yon pi bon reyisit pou elèv yo. | Trimès 1/ Trimès 2 2023 | Ajannda, repons sou evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo |
| Fòmasyon PFE 2: Language Line | Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a | Lè manm pèsonèl la pi byen konnen sèvis tradiksyon nou yo yon fason pou pi byen pale avèk kantite fanmi ki pa pale Anglè yo nou yo ki wo anpil, sa ap gen yon enpak pozitif sou elèv yo. | Janvyè 2024 | Ajannda, repons sou evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo |
| Fòmasyon PFE 3: TBD (a detèmine) | Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a | Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi yo ap evalye domèn sipò ki pi nesèsè yo epi li ap bay yon fòmasyon ki koresponn avèk yo pou ede lekòl yo fè plis efò nan kesyon angajman paran ak fanmi yo. | Avril 2024 | Ajannda, repons sou evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo |

Lòt Aktivite

Lekòl la ap òganize yon seri aktivite, li ap mete resous disponib pou fanmi yo, epi li ap bay ankourajman ak sipò pou fanmi yo, yon fason pou yo kapab pi byen patisipe nan pakou edikatif pitit yo:

Kenbe yon Sant Resous pou Paran ak enfòmasyon sou lekòl nou an ak Pwogram Tit I an. Epitou li gen ladan resous akademik pou paran yo.

Lekòl nou an kominike enfòmasyon enpòtan sou aktivite ak nouvèl lekòl yo regilyèman avèk paran yo atravè Aplikasyon Dojo a, ni nan salklas ni nan lekòl la. Epitou nou voye enfòmasyon sou paj Facebook lekòl nou an ansanm ak sou Marquee lekòl nou an, nou voye feyè lakay an anglè ak espanyòl, ak mesaj sou Blackboard Connect.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Kominikasyon

Lekòl la ap bay paran timoun ki ap patisipe yo enfòmasyon nan BON MOMAN konsènan pwogram ak aktivite Tit I yo:

Lekòl nou an kominike tout enfòmasyon enpòtan sou aktivite ak nouvel lekòl yo regilyèman avèk paran yo atravè Aplikasyon Dojo a, ni nan salklas ni nan lekòl la. Epitou nou poste enfòmasyon sou paj Facebook lekòl nou an ansanm ak sou Marquee lekòl nou an, nou voye feyè lakay an anglè ak espanyòl, ak mesaj sou Blackboard Connect.

Nan kòmansman ane lekòl la, nou òganize sware Tit I ansanm ak sware PTK nou an. Epitou nou òganize plizyè sware PTK an patenarya ak Tit I pandan tout ane a pou paran yo ka toujou enfòm epi rete angaje.

Kominikasyon (suit)

Nou ap pataje dekripsyon ak eksplikasyon sou pwogram akademik yo, fòm evalyasyon akademik nou itilize pou mezire pwogrè elèv yo ak nivo konpetans elèv yo dwe atenn yo, pa mwayen:

Kominikasyon ki klè epi ki transparan ant lekòl yo ak paran yo konsènan pwogram akademik lan, metòd evalyasyon yo, ak nivo konpetans yo ede garanti paran yo byen enfòm epi yo ka bay sipò nan pakou edikasyon pitit yo yon fason ki efikas.

- **Reyinyon oswa Konferans Paran:** Reyinyon oswa konferans regilye kote pwofesè yo oswa administratè lekòl yo eksplike pwogram etid la nan an detay, diskite sou metòd evalyasyon yo, epi bay deskripsyon referans konpetans yo.
- **Sware Pwogram Etid/Pòt Ouvèt/Reyinyon Anyèl:** ki fèt sitou pou paran yo konprann estrikti pwogram etid la, matyè yo abòde yo, metodoloji ansèyman, ak teknik evalyasyon yo.
- **Bilten oswa Imel Lekòl yo:** bilten oswa imel ki regilye ki soti nan SSE ki gen ladan mizajou sou pwogram etid la ak evalyasyon k ap vini yo.
- **Sit Entènèt oswa Pòtay Lekòl yo:** enfòmasyon ki detaye sou pwogram etid, pratik evalyasyon, ak estanda konpetans pou chak nivo klas oswa matyè.
- **Manyèl pou Paran:** Manyèl SSE an sèvi tankou yon gid konplè pou paran yo.
- **Kominikasyon ant Paran ak Pwofesè:** Chak pwofesè kominike dirèkteman ak paran yo atravè imel, apèl nan telefòn, oswa mesaj pou diskite sou pwogram akademik lan, estrateji evalyasyon yo, ak fason paran yo ka sipòte aprantisaj pitit yo.
- **Rapò sou Pwogrè oswa Kanè:** rezime pèfòmans yon elèv nan divès matyè epi endike nivo konpetans li.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Kominikasyon (suit)

Posibilite pou òganize yon seri reyinyon regilye yon fason pou bay sijesyon epi pou patisipe, lè sa apwopriye, nan desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit yo;

Nan kreye divès opòtinite ak kanal pou kominikasyon ak patisipasyon, lekòl yo ka garanti paran yo santi yo gen valè, yo tandè vwa yo, epi yo pote kontribisyon enpòtan nan edikasyon pitit yo.

- **Konferans paran ak pwofesè:** kominikasyon nan de direksyon, ki pèmèt paran yo patisipe aktivman nan pran desizyon.
- **Komite Konsiltatif Lekòl (SAC) la:** pèmèt paran yo pataje sijesyon epi kontribye nan pwosesis pou pran desizyon yo.
- **Fòm pou Sondaj ak Opinyon:** Analyze opinyon sa yo epi enplike paran yo nan pran desizyon ki baze sou sijesyon yo.
- **Òganizasyon Paran ak Pwofesè (PTO):** angaje epi patisipe nan pwosesis pou pran desizyon yo.
- **Sondaj Paran yo pou Kontribisyon nan Politik:** opinyon paran yo atravè sondaj oswa gwoup diskisyon yo. Entegre sijesyon yo nan desizyon sou politik.
- **Pwojè oswa Evènman Kolaboratif:** pwojè oswa evènman kolaboratif kote paran yo ka kontribye konpetans yo, ekspètiz, oswa orijin kiltirèl yo, ki ankouraje yon santiman patisipasyon ak patenarya nan edikasyon pitit yo.

Kominikasyon (suit)

Yon mwayen pou ekri kòmantè/enkyetid paran yo konsènan Plan Amelyorasyon nan Tout Lekòl/Plan Amelyorasyon Lekòl la (Schoolwide Improvement Plan/School Improvement Plan, SIP) ansanm ak Plan Angajman Paran ak Fanmi yo (PFEP), lè yo pa satisfè ak paran timoun ki ap patisipe yo. Lekòl la ap ajoute dokiman sou kòmantè/enkyetid/kesyon paran yo nan plan yo ap mete disponib pou ajans edikasyon lokal la (local education agency, LEA):

Nou mande opinyon paran yo atravè reyinyon SAC nou yo, sondaj ak kontribisyon vèbal pandan evènman nou yo.

Nou ap note prè konsènan kontribisyon paran yo, san wete kòmantè ki montre yo pa satisfè yo, epi nou ap soumèt yo bay biwo Distri Tit I an nan kad pwosesis Plan Angajman Paran ak Fanmi an.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Aksesibilite

Lekòl la ofri tout fanmi yo (san wete paran ki pa fin konprann Anglè yo, paran ki gen andikap yo, paran migran yo, epi ki gen timoun ki sanzabri yo) tout posibilite pou yo patisipe nan aktivite sou angajman paran ak fanmi yo:

Lè SSE an adopte estrateji, li kreye yon anviwònman ki mete tout moun ladan kote tout fanmi yo santi yo akeyi yo, yo apresye yo, epi yo gen opòtinite egal pou yo patisipe nan edikasyon pitit yo.

- **Kominikasyon nan Plizyè Lang:** gen ladan dokiman tradui, entèprèt pandan reyinyon yo, ak anplwaye ki pale plizyè lang pou fasilite kominikasyon.
- **Konsiderasyon pou Aksesibilite:** Garanti paran ki gen andikap yo ka gen aksè nan aktivite angajman yo.
- **Orè Fleksib:** Ofri divès opsyon lè pou reyinyon, seminè, ak evènman pou adapte ak orè paran yo ki ka ap travay nan lè ki pa nòmal akòz mòdvi migran oswa lòt angajman.
- **Sansibilite Kiltirèl:** Respekte epi selebre divès orijin kiltirèl pou kreye yon anviwònman kote tout moun ladan pou tout fanmi yo.
- **Patenarya Kominotè:** Kolabore ak òganizasyon oswa ajans kominotè yo pou bay sipò ak resous anplis pou fanmi ki ap fè fas ak pwoblèm espesifik, tankou sityasyon sanzabri oswa mòdvi migrasyon.
- **Sèvis Sipò ki Adapte:** Ofri sèvis sipò espesyalize oswa konseye pedagogik ki ka ede fanmi yo fè fas ak sityasyon sanzabri, migrasyon, oswa lòt pwoblèm nan navige sistèm edikasyon ak aksè nan resous ki disponib yo.
- **Entegrasyon Teknoloji:** Sèvi ak platfòm ak zouti teknoloji pou fasilite patisipasyon pou fanmi ki pa kapab patisipe nan aktivite an pèsòn yo.
- **Sansibilizasyon ak Fòmasyon:** Bay fòmasyon pou edikatè yo ak anplwaye yo sou fason pou yo patisipe epi sipòte yon fason ki efikas fanmi ki soti divès kote yo, garanti sansibilite epi konpreyansyon sou bezwen espesifik yo.